

Mizajou 22 Désanm ,2020

Priyorité Boston Medical Center sé sékirite pasyan nou yo, anplwayé yo ak vizitè yo. Pou nou ka balansé bezwen pasyan nou yo, ak asiré ke nou gen yon lopital an sekirite, nou pral limité kantité vizitè yo akòz KOVID-19. Moun ki te vwayajé soti nan [Éta ki gen gwo risk](#), ki detèmine pa Commonwealth nan Massachusetts, yo pa pral pèmèt yo vizitè.

Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwé gen 18 tan oswa plis pasé sa épi tou yo pral fè tès depistaj pou yo pou sentòm enféksyon KOVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, mis, kò fè mal, oswa nouvo aparisyon ,pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan **nenpòt** sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rivé é yo oblijé meté mask la toutan jiskaské yo kité batiman an, menm jan ak pratiké ijyèn pou men ak kenbé distans sosyal.
- Vizitè yo pral résévwa enstriksyon pou reté nan chanm pasyan pandan diré vizit la.
- Yo pral mande pou pasyan yo mété mask pou tout tan vizitè yo nan chanm yo.

Pasyan Granmoun ki entène

- Yo pa pèmèt vizitè nan inité pasyan ki enténé yo, éksepte pou sitiasyon fen lavi yo (CMO oswa ké yo atann ki ka mouri sou 2 sémèn swivan ékip plizyèdisiplin nan).
- Pasyan ki rivé sou fen lavi, yo ka pèmèt yo gen plizyè vizitè. Koté ki gen plizyè vizitè isit la pou vizitè pasyan, se yon sèl vizitè alafwa – tipikman wotasyon ta dwé pa plis pasé 30 minit.
- Pou pasyan yo ki gen KOVID-19 ki rivé nan fen lavi yo, vizitè limité sèvi ak PPE apwopriyé jan ékip klinik la konsyéé ap gen pèmisyon.

Pasyan Pedyatri ki entène/ NICU

- Pou pasyan pediatrik , yon paran/gadyen ka vizitè. Lè vizit yo se 24sou24/7jou sou 7.
- Pou pasyan NICU, yon paran/gadyen ka vizitè. Dé paran/gadyen ka vizitè pou ansèyman espesyal

Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorizé rété pandan akouchman pasyan an ak apré akouchman.

Klinik Ambilatwa

- Yo pa otorize okenn vizitè nan nenpòt klinik ambilatwa ak dé eksépsyon sèlman:
 - Yon paran ki akonpanyé yon timoun ki gen yon randévou.
 - Yon moun kap bay swen ki akonpanyé yon andikapé, granmoun ajé, otréman bezwen you moun kap bay swen.

Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Granmoun: pa gen vizitè.
- Depatman Ijans Pédyatrik otorizé yon paran / gadyen ak timoun lan.

Sèvis chirijikal

- Pa gen okenn vizitè ki otorize pou pasyan ki pral sibi operasyon avèk 2 éksépsyon:
 - Yon paran ki akonpayeéyon timoun
 - Yon moun kap bay swen ki akonpayé yon pasyan enfim otréman ki bezwen moun kap pran swen li an la.